

Drama Radio dalam Pembelajaran Sastra

D I era 1980-an hingga 90-an, drama radio *Butir-butir Pasir di Laut, Dokter Darman, Nagasasra Sabuk Inten*, atau *Api di Bukit Menoreh* menjadi acara yang ditunggu oleh banyak pendengar. Sebagai penyuka acara yang bersambung tersebut, dalam serial *Nagasasra Sabuk Inten* penulis hafal nama-mana Uling Kuning, Uling Putih, Kyai Simalodra, Bugel Kaliki, Raden Rangga, pun dapat mengimajinasikan adegan demi adegan yang menyentuh indera pendengaran, bahkan ledakan perasaan seturut aliran cerita. Ada rasa *was-was*, tidak sabar, *dheg-dhegan*, atau kecewa ketika tokoh baik mengalami kekalahan.

Drama radio yang mengandalkan audio tidak lagi berjaya ketika dunia audio-visual dan televisi menggerus ruang-ruang pendengaran. Namun, sebagai guru -penulis memberikan tempat istimewa bagi ‘drama radio’ dalam pembelajaran jarak-jauh di masa Pandemi Covid-19 ini. Materi drama yang harus disertai praktik pementasan tentu tidak mudah dilakukan dalam pembelajaran nirsemuka atau tatap layar. Murid-murid pun bisa dibantu untuk ‘mementaskan’ naskah drama secara audio agar pembelajaran apresiasi sastra bermakna baginya.

Pada mulanya para murid menyelisik cerita pendek *Dilarang Menyanyi di Kamar Mandi* karya Seno Gumira Ajidarma dalam bingkai apresiasi sebuah karya fiksi. Mereka pun memetakan para tokoh dalam cerpen, kemudian secara acak sekelas dibagi berkelompok yang masing-masing berisi sesuai jumlah tokoh. Anggota tiap kelompok bekerja sama menyusun satu naskah drama yang disadur dari cerpen tersebut. Keharusan me-

St. Kartono

mentaskan naskah dalam pembelajaran jarak jauh seperti situasi pandemi ini tentu bukan pilihan yang ideal.

Agar dapat mementaskan naskah yang telah dihasilkan, kelompok dapat mementaskan drama secara audio. Oleh sebab itu, dengan model pembelajaran “imitasio”, murid disilakan mengikuti berbagai tautan “drama radio” di masa lampau yang terekam bagus dalam banyak seri. Misalnya, drama radio *Api di Bukit Menoreh* yang diangkat dari novel karya SH Mintardja terke-mas dalam sajian audio lengkap, bahkan dengan tata musik dan tata suara yang imajinatif. Agar mirip seperti drama radio yang menjadi model, kelompok disilakan menyajikan naskahnya secara rekaman atau langsung ketika pembelajaran tatap layar.

Masing-masing siswa berada di tempat yang berbeda. Betapa bisa dibayangkan upaya tiap kelompok menyajikan pentas audio secara langsung dari tempat tinggal masing-masing. Ada kelompok yang anggotanya tinggal di Tangerang, Muntilan, Jakarta, Sidoarjo, Ambarawa, Surabaya, atau Klaten. Kerja sama menyatukan rekaman pun tidak kalah menantang bagi kelompok yang memilih menyajikan secara rekaman. Tibalah mereka harus melengkapi ilustrasi musik atau latar suara yang mengiringi adegan-adegan. Lewat proses inilah para murid mengasah *soft skill* yakni belajar berkolaborasi, mengembangkan diri dalam bekerja sama membangun tim yang efektif.

Pementasan drama radio yang mengandalkan audio ini justru efektif mendukung sejatinya pembelajaran sastra yakni menyedia-

kan ruang berimajinasi bagi para murid. Aspek membaca teks dan mendengarkan radio memungkin-kan multi-interpretasi atas teks dan objek suara. Pengalaman beberapa kelompok harus memper-baiki pementasan demi memindahkan bahasa lisan menjadi bahasa audio. Misalnya, narator salah satu kelompok menyebut “terdengar bunyi air gemericik yang mengguyur tubuh ditimpa suara siulan ...”, bukankah dalam bahasa audio dapat langsung dihadirkan ilustrasi bunyi air *jebur-jebur* dan siulan?

Pengalaman bunyi-bunyian konkret itulah yang ditunggu oleh pendengar. Dalam kelas pembelajaran via *zoom* atau *meet.google*, baik kelompok penyaji maupun pendengar, semua dalam posisi tutup kamera. Unsur utama sebuah drama radio atau audio adalah suara, baik suara tokoh, suara latar, maupun suara riil berbagai adegan. Keberhasilan penyajian drama ini terjadi ketika pendengar mendapatkan sensasi dan dapat mengimajinasikan setiap adegan seolah nyata. Bahkan, ketika membahas drama radio *Api di Bukit Menoreh* para siswa mengungkapkan ketakjuban karya tersebut walaupun baru pertama kali mendengarkannya. Bunyi-bunyian pengisi disebutkan sebagai “amat hidup”.

Ternyata ada berkah yang mengiringi pembelajaran sastra yang berlangsung secara jarak jauh tatap-layar ini. Guru tidak kehilangan khasanah sarana yang dapat memberikan pembelajaran bermakna bagi para murid. Anak-anak kita pun dapat belajar berkolaborasi dan menjaga imajinasinya lewat “drama radio” - sebuah sarana yang sudah dilu-pakan dalam situasi normal.

*) St. Kartono, *Guru Bahasa Indonesia, SMA Kolese De Britto, Yogyakarta.*

MEKAR SARI

”R IN, muliha. Ajak adhimu mulih sisan. Bapakmu kuwi gerah tenan, tansah nyebut jenengmu lan adhimu. Mulih, aja nganti mengko kowe gela.”

Mripate Nita katon kaca-kaca nalika aku macakake kiriman WA seka Budhe Dar nang ngarepe. Bisa tak mangerteni, Nita cedhak banget karo Bapak, wiwit cilik. Menawa aku pancen ora pati cedhak karo Bapak, apamaneh bareng mangerteni Bapak sok gawe tangise Ibu. Senajan Ibu ora tau kersa ngendika apa kang gawe tangise. Nganti aku ngonangi anane WA mesrane Bapak karo wanita liya. Ya wiwit SMA kuwi, aku krasa menawa atiku banjur adoh. Gela marang Bapak.

“Piye, Nit?” Sambli takon, aku nyawang prau-pane Nita kang katon alum. Mripate kosong, sajak mikir adoh.

“Kapan Mbak Rini sela?”
“Ya wis Nit, mengko sore awake dhewe balik, sawise nyambut gawe. Mesakke Budhe Dar anggone ngurusi Bapak. Kuwi ya kewajibane awake dhewe. Wong ya mung awake dhewe putrane Bapak lan Ibu almarhumah.”

“Iya Mbak, apik ala kuwi bapakke dhewe. Ora isa dijolke,” pratelane Nita.

“Nyuwun gunging pangapunten Budhe, mboten kok kula kalih Nita nglirwaaken tanggel jawab. Nanging Budhe pirsaa piyambak, ta... Sakmenika kados pundi, kahananipun Bapak?” aturku karo ngruket Budhe Dar. Budhe Dar karo Bapak kuwi tunggal mbah lan uga kanca sekolah.

“Ya wis, sing pokok bocah loro wis mulih. Wis ora usah nangis, ndhak bapakmu mengko malah ora sida sare. Iki durung suwe le sare...,” pratelane Budhe Dar.

“Larah-larahipun kados pundi Budhe, kok Bapak lajeng kados mekaten?” Aku bali nyuwun priksa marang Budhe.

Nita banjur ngetutke metu kamar, nalika Budhe Dar narik tanganku lan ngajak lungu-han ana ruwang tamu. Rada adoh seka kamare Bapak. Budhe durung wiwit ngendikan, merga Nita isih nang mburi. Ora suwe dheweke metu karo nggawa wedang teh panas telung cangkir, kena kanggo tamba sayah.

“Budhe tak crita, ning ora kena ana sing nesu. Kabeh wis kelakon wis ora ana gunane menawa banjur digetuni maneh. Mbok menawa pancen lakone kudu kaya mengkene.”

Aku karo Nita mung manthuk krungu pangandikane Budhe Dar. “Taksih wonten sesambetan kaliyan kedadosan wigang wulan kepengker?” ature Nita marang Budhe.

Budhe nandhes mriksani Nita. Embuh apa sing dipenggalih, ujug-ujug ana banyu kang mili saka socane. Aku banjur ndhungkluk.

Aku kelingan, udakara telung sasi kepungkur, Nita ngonangi ana wanita dhasteran metu seka kamar. Nita kaget, merga Bapak ora ketok nang ndalem. Pancen aku sing kongkon Nita mulih tanpa ngabari Bapak. Merga bola-bali ana wae tangga lan sedulur ngandhakake anane wanita karo bocah cilik nang ngomah, sok nginep barang. Lan sore kuwi Nita tansaya kaget, nalika tanpa sungkan wanita kuwi ngaku sisihane Bapak, malah wis duwe anak telung taun.

Kabeh mau njalari padudon rame antarane Nita lan Bapak, sawise kondur. Nganti Nita lunga sawise astane Bapak kemlawe nang pip-

ngajak crita senajan Bapak ngendikane grow-al-grawul. Suryane katon remen, bola-bali mesem nalika diajak metu karo Nita, nganggo kursi rodha, saperlu dhedhe. Budhe kang rawuh katon rena penggalihe.

“Lha ya iki sing tak tunggu-tunggu, anak sing kudu ngurusi bapakne. Aja mbok nengke wae, wong liya kon ngurusi,” ujug-ujug ana swara seka njaban latar. Swara kang njalari aku muntab apamaneh bareng weruh Bapak sajak kewedeng. Eseme ilang.

“Kowe sapa lan apa karepmu? Sapa sing akon ngurusi bapakku?”

“Lha ya bapakmu sing wis ora isa apa-apa kuwi. Bola-bali WA, njaluk didusi, kamangka ambune ora karuwan. Rumangsanane aku bature.”

“Pancen kuwi tugasku, tugase adhiku. Mula kowe ora usah kakehan omong, lunga seka kene tinimbang gawe kisruh.”

Atiku kemropok lan dadi padudon rame karo wanita kuwi. Priksa kabeh kuwi, socane Bapak kembeng-kembeng eluh. Mbokmenawa ngrumangsani gela. Pancen, getun mesthi tiba mburi.

“Apa, kowe ngusir aku? Ora kleru? Sing saiki kudu lunga kuwi kowe sakloron karo nggawa wong lanang penyakiten, sing ora ana gunane kuwi. Lunga, iki omahku, arep tak dol.”

Krungu kandhane aku njenggirat kaget. Bisa-bisane dheweke kandha menawa omah iki omahe. Iki daleme Bapak seka warisane simbah, lha wong kiwa tengene uga isih sedulure kabeh. Kok ujug-ujug ana wong teka ngaku-ngaku duwe omah sing dibangun dening bapak-ibuku.

“Ora sah ngaku-aku...”

Durung nganti rampung, wong wedok iku mbukak tase lan nuduhake sertipikat omah iki kanthi jenenge. Tak sawang tanggale gawe wis setaunan. Dadi sadurunge Bapak gerah, omah iki wis dilingsirke, tanpa aku lan sedulur-sedulur mangerteni. “Iki buktine iki omahku. Bapakmu menehke aku nalika isih waras. Dudu aku sing meksa, Nanging saiki bapakmu ngadeg wae ora bisa, wis ora ana gunane. Mula gawanan lunga, aku wis ora butuh. Aku mung butuh omah iki, arep tak dol, sing tuku arep mara ndelok.”

Aku mlenggong. Budhe Dar lan Nita uga katon bingung. Ora nyana kedadeyane dadi kaya mengkene.

“Aaaaaaggghhhhhh...” Bapak mung bisa mbengok sing ora jelas.

(mengeti dina Kartini, 2021)

Oase

Moehammad Abdoe - Malang

MUSAFIR

:*Kepada Penyair Iman Budhi Santosa*

dalam sebuah cermin muram kamar tua
sepotong replika wajah seorang pengembara dari negeri asing:
“kau terduduk serupa patung denganku”
sementara poros telaga bening matamu
terkatup dinding teratai.

barangkali sejenak dapat kuselami di balik wujud siapa dirimu sebenarnya
yang menempuh jalan suluk menuju altar
pengabdian diri dalam rimba
sedang kemilau rona swastamita acapkali menampakkan cumbu rayunya pada kaca.

serupa tempias hujan pelabuhan angin di balik kaca jendela
itu wajahmu semakin tampak menua
mengerut daun telinga sore hari dalam zikir masa berkunjung
larut serta melipat laju bayangmu kian memanjang.

(2020)

KAMPUNG HALAMAN

dedaunan pohon melambai
tiupan angin menyapu debu halaman
perih menyapa matalaku
bertanya kabar tentang musim dingin
tempat di mana pertama kali aku meneguk air susu
dari hasil ibu memakan makanan yang tumbuh di tanah asalnya

tiada kerinduan selain kerinduan
seolah hati baru saja sembuh dari ngilu bising kota
mendengar lagi suara nun jauh tertinggal oleh putaran waktu
di sudut peraduan nasib orang-orang melarat:
wewangian baju kota
lampu gedung pencakar langit
serta anak-anak jalanan yang masih terusik dari tidur malamnya

duhai wajah teduh berambut mati
letih kusimpan rindu di antara lipatan kulit ular
mendedah cangkul saat
kerutan wajah mulai tampak pada kaca
sisasisa kenangan
guratan masa lalu sebelum semburat senja senandung diri di halaman

pada hari sebelum senja itu
meringkuk memasuki pintu malam berbintang
anak-anak kembali belajar mengaji
membersihkan daki di sekujur tubuhnya
kepada siapa pertama kali
aku belajar berbakti

(2020)

*) **Moehammad Abdoe**, lahir di Malang, menulis puisi dan cerpen. Buku puisi terbarunya yang segera terbit berjudul *Debar Waktu* (2021) oleh Elex Media Komputindo

MACAPATAN

Sri Wijayati

JATINING MANEMBAH
(Kinanthi)

*Anganthi pitutur luhur
pitutture yayah-wibi
urip ana ngalam donya
nyata ana kang nguripi
yaiku Kang Maha Kwasa
Gusti kang Murbeng Dumadi.*

*Nadyan kasat ing pandulu
purwakane sira lair
saka jrone guwa garba
saka biyungira iki
ing kang ngandhut sangang wulan
toh nyawa ing perang sabil.*

*Nanging satemene iku
wong tuwanira kekalih
jejere dadi lantaran
nglantarake rasa asih
tresna asihe Pangeran
Mring manungsa kang dumadi.*

*Roh suci lantaranipun
manungsa dipunparingi
sesarengan ing paminta
lelambaran wening ati
pinarengke kang Kuwasa
wusana titah dumadi.*

*Mula sira tansah kudu
yekti eling marang Gusti
sranane tansah manembah
kanthi mantep jroning ati
nindakake dhawuhira
larangan dipunsingkiri.*

*Uga marang Bapa Ibu
sira kudu tansah bekti
sira ana linantaran
nyata ngemban dhawuh Gusti
turun tumurun manungsa
ing kukuban jagad iki.*

*Semona marang Guru
uga wajib angabekti
awit kang paring piwulang
ngelmu memetri pekerti
ginawe sanguning gesang
aneng jagad raya iki.*

*Dipun eling-eling kudu
Kabeh padha den ngabekti
Allah, Guru, Ibu, Bapa
Amalles pakarti becik
Iku tumindak utama
Sira pantes tansah ngudi.*

*Becik iku dadi laku
saben wektu tansah eling
muga-muga kasembadan
sakabehe jangka becik
kanthi munjuk mring Pangeran
mugya Allah ngijabahi.*

Bantul, 06 Maret 2021